

Si Asirans Pa Kouvri Pèt Ou, Lòt Sous Ka Ede

Release Date: Oktòb 7, 2021

NEW YORK - Anpil Nouyòkè ki te sibi pèt nan Siklòn Ida asirans kouvri yo. Men menm pi bon pwoteksyon an kapab pa satisfè tout bezwen, ki se pou pwogram leta, federal ak benevola yo disponib.

FEMA kapab voye yon lèt ba ou pou di ou pa kalifye pou asistans federal pou katastwòf oswa pou mande plis enfòmasyon.

FEMA bay asistans pou kandida yo pou depans ak bezwen grav yo katastwòf lakòz ki pa asire oswa ki pa asire ase. Kandida yo oblije enfòme FEMA sou tout pwoteksyon asirans ki kapab disponib pou yo tankou inondasyon, pwopriyetè kay, machin, kay mobil, medikal, antèman, elatriye.

Kandida pou asirans yo dwe bay dokiman ki idantifye règleman asirans yo oswa avantaj yo anvan FEMA konsidere kalifikasyon yo pou kategori asistans asirans prive kapab kouvri.

Rezon ki fè ou kapab resevwa lèt detèminasyon FEMA genyen ladan li:

- Okipasyon ki pa verifye;
- Pwopriyetè pwopriyete a andomaje ki pa te verifye;
- Prèv idantite ki pa te verifye;
- FEMA pa te resevwa dokiman règleman asirans lan.

Ou dwe li lèt la ak anpil atansyon pou ou kapab founi enfòmasyon oswa dokiman FEMA ap mande yo.

Si ou genyen nenpòt kesyon sou lèt la oswa sou desizyon FEMA a, genyen nimewo enskripsyon FEMA ou disponib lè ou rele **Liy Èd FEMA nan 800-621-3362 (711 / VRS)**. Liy yo louvri sèt jou chak semèn, soti 8 a.m. pou rive 7 p.m. epi kapab konekte w ak yon espesyalis ki pale lang ou. Si w ap itilize yon sèvis relè, tankou sèvis relè videyo, sèvis telefòn avèk soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA



FEMA

Page 1 of 3

nimewo sèvis sa a.

Daprè lalwa federal, FEMA pa kapab kopye peman bay moun oswa kay pou pèt asirans yo kouvri.

Si ou genyen asirans, ou ta dwe kontakte konpayi asirans ou an pou fè yon reklamasyon touswit epi mande pou dokiman ki enfòm sou pwoteksyon asirans ou, avantaj, ak règleman, dokiman ki detaye egzakteman sa ki kouvri ak ki peye anba reklamasyon ou an. Lè sa a, voye enfòmasyon an nan lapòs bay **FEMA, Pwogram pou Moun & Kay, Sant Sèvis Tretman Nasyonal, P.O. Box 10055, Hyattsville, MD 20782-7055**, oswa faks li nan 800-827-8112. Mete nimewo enskripsyon FEMA ou sou tout dokiman yo.

Ou kapab fè apèl kont nenpòt desizyon nan 60 jou apati dat lèt desizyon FEMA a. Ou kapab jwenn gid pou apèl nan lèt FEMA sa a.

Nou ankouraje w pou w retounen yon aplikasyon prè Administrasyon Ti Biznis Etazini ranpli si ou te resevwa youn. Sa a se yon etap nesesè yo dwe konsidere pou kèk lòt fòm asistans pou katastwòf. Ou kapab soumèt aplikasyon SBA ou nan <https://DisasterLoanAssistance.sba.gov> oswa rele Sant Sèvis Kliyan SBA a nan 800-659-2955 pou plis enfòmasyon. Ou kapab vizite nenpòt Sant Rekiperasyon apre katastwòf. Jwenn youn nan [Lokalizatè DRC\(fema.gov\)](https://www.fema.gov).

Dat limit pou aplike pou asistans katastwòf FEMA se **Dimanch 5, Desanm**.

Pou enfòmasyon sou kondisyon asirans inondasyon pou benefisyè ki resevwa asistans federal pou katastwòf, vizite <https://www.fema.gov/sites/default/files/2020-05/FloodInsuranceRequirements-080119.pdf>. Pou resous adisyonèl anliy tankou depliyen FEMA ou kapab telechaje, vizite www.disasterassistance.gov epi klike sou "Enfòmasyon."

Pou referans pou ajans ki sipòte bezwen kominotè espesifik, vizite <https://www.211nys.org/contact-us> oswa rele 211. Pou rezidan Vil New York, rele 311..

Depatman Sante Ameriken ak Sèvis Moun sou Konsomasyon Dwòg ak Sèvis Administrasyon sou Sante Mantal aktive liy asistans katastwòf. Sèvis sipò gratis, plizyè lang, kriz disponib 24/7 nan **800-985-5990** pou sinistre katastwòf ki genyen pwoblèm emosyonèl. Itilizatè Lang Siy Ameriken yo kapab kontakte liy asistans



FEMA

Page 2 of 3

lan atravè videyofòn nan **800-985-5990** oswa nan chwazi opsyon "ASL Koulye a" sou bò dwat paj wèb la nan [Liy Èd pou Detrès Katastwòf-ASL Kounye a](#).

Pou dènye enfòmasyon konsènan efò rekiperasyon ki ap fèt nan kad Siklòn Ida an, vizite fema.gov/disaster/4615. Swiv nou sou Twitter nan twitter.com/femaregion2 epi www.facebook.com/fema.



FEMA

Page 3 of 3